# Envesti nan depans ki elijib pou gadri nan vil Nouyòk

Egzanp depans ki elijib anba sibvansyon nan lis anba a. Founisè ke yo peye yo pa oblije soumèt resi yo bay (Office of Children and Family Services, OCFS) pou jwenn sibvansyon yo, men tout founisè yo dwe anrejistre kijan yo itilize sibvansyon yo pou sipòte etablisman gadri yo epi yo dwe mete disponib yon dosye ekri oswa elektwonik sou tout resi yo si yo ta gen yon odit nan omwen 6 ane.

Fòmasyon ak konsèy gratis ap disponib pou founisè gadri yo atravè ajans rejyonal Child Care Resource & Referral (CCR&R) pou asire founisè yo konprann ki depans ki akseptab ak kijan pou dokimante yo. Lis ki pi ba yo pa konplè, si yon founisè gen kesyon sou si yon frè akseptab, li ta dwe kontakte CCR&R oswa OCFS yo.

| **Depans** | **Kalite Depans ki Aksepte yo:** | **Egzanp** |
|---|---|---|
| **Rejis pèman salè ak avantaj pèsonel yo** | • Pewòl<br>• Taks pewòl ak avantaj<br>• Depans ak kontribisyon pou retrèt<br>• Konje maladi oswa konje familyal peye<br>• Devlopman pwofesyonèl, edikasyon, ak depans fòmasyon<br>• Depans pou Biznis<br>• Bonis pou anplwaye | • Salè anplwaye yo<br>• Ogmantasyon pandan sibvansyon an<br>• Enskri sou bonis ki peye apre yo fin fè fòmasyon oswa apre anplwaye yo fin fè semèn/mwa travay.<br>• Sipò pou jwenn vaksen COVID-19<br>• Enfòmasyon sou bous detid ak fòmasyon OCFS apwouve yo disponib nan: http://ocfs.state.ny.us/programs/childcare/training/ ak Early Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Timoun (Early Childhood Education and Training Program) https://www.ecetp.pdp.albany.edu/ |
| **Lwaye oswa Ipotèk** | • Depans lwaye oswa ipotèk, ki baze sou metodoloji alokasyon pri founisè a.<br>• | |
| **Depans pou Biznis** | • Chofaj<br>• Elektrisite<br>• Telefòn<br>• Sèvis WiFi<br>Si se founisè adomisil, depans yo ta dwe baze sou metodoloji pri alokasyon a. | |

| | | |
|---|---|---|
| **Antretyen ak Amelyorasyon Etablisman yo**<br><br>***Ou gendwa PA ka itilize fon yo pou fè konstriksyon oswa gwo reparasyon tankou:** | **Reparasyon minim**<br>• Kreye yon anviwònman akeyan pou timoun ak fanmi yo<br>• Konfòme a konsiy sekirite ki gen rapò ak pratik ki apwopriye pou devlopman<br>• Rann pwogram gadri yo entegre epi fasil pou timoun ak fanmi ki andikape yo<br>• Vin yon pwogram gadri akredite | • Estati Etablisman an<br>• Pentire chanm yo avèk penti dirab e lavab<br>• Elimine mi ki pa enpòtan yo pou kite espas pou kenbe distans sosyal<br>• Konstwi oswa amelyore espas jwèt yo<br>• Enstale balistrad, ranp, oswa pòt otomatik<br>• Ranplase tapi ak linoleyòm oswa yon lòt sifas ki fasil pou netwaye |

| Kalite depans | Kalite Depans ki otorize: | Egzanp |
|---|---|---|
| **Byen** | • manje yo bay Timoun<br>• ekipman ak materyèl pou jwe ak aprann<br>• Kouchèt ak twalèt<br>• Dòmi an Sekirite | • Episri<br>• liv, kreyon, ak Materyèl pou travay atis ak pou brikolaj<br>• Kouchèt ak ti sèvyèt<br>• Pwodwi pou fòmasyon twalèt.<br>• Kabann Timoun (bèso) |
| **Sèvis** | • Fòmatè<br>• Jesyon sèvis swen timoun<br>• Sèvis sipò ak Fòmasyon sou otomizasyon biznis<br>• Sèvis manje<br>• Sèvis jeran ak netwayaj<br>• Sèvis taks ak kontabilite | • Klas CPR/Premye Swen<br>• Sistèm pewòl anliy<br>• Sèvis kontablite<br>• Sèvis livrezon manje<br>• Sèvis netwayaj kont COVID |
| **Frè pou peye** | • Frè ki gen rapò ak demann Otorizasyon Sou Entènèt Rejis Santral Eta a pou Abi ak Move Tretman sou Timoun (Statewide Central Register for Child Abuse and Maltreatment, SCR)<br>• Ekip rekritman | • Anprent dijital anplwaye yo ak chèk antesedan.<br>• Sèvis piblisite ak maketin |
| **Ekipman ak atik medikal** | • Ekipman ak founiti pou anndan ak deyò<br>• Amelyorasyon teknolojik nesesè pou kolekte done epi rapòte bay ajans an tèt yo<br>• Ekipman ak atik medikal | • Enstalasyon oswa reparasyon nan kloti espas pou jwe.<br>• Jwèt Deyò<br>• Jwenn plis materyèl jwèt<br>• Konfigirasyon eskanè a<br>• enprimant<br>• òdinatè ak pwogram enfòmatik<br>• Depo kontenè/etajè |